# QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYAT

**1.** [1,1 ball]

Tómende berilgen mısaldağı dawıslı seslerdiń barlıǵına sáykes durıs sıpatlamanı anıqlań.

*Ashshı da bolsa, anıǵın ayt.*

A) *Juwan dawıslı sesler*
B) *Eziwlik dawıslı sesler*
C) *Jińishke dawıslı sesler*
D) *Erinlik dawıslı sesler*

**2.** [1,1 ball]

*Polatqa qospa sózlerdiń aytılıwında keyingi sestiń aldıńǵı seske tásir etiw qubılısı ushırasatuǵın mısaldı anıqlaw tapsırıldı.*

Ol qaysı juwaptı belgilese, durıs boladı?

A) *qara may* B) *aytıp ber* C) *iyt balıq* D) *oq jılan*

**3.** [1,1 ball]

Qaysı gápte jip iyiretuǵın qol ónermentshiliginiń ápiwayı túri mánisin beriwshi sóz óziniń tuwra mánisinde qollanılǵan?

A) *Ayaǵında jaman sharıq, ózi turar kerilip.*
B) *Sharıqlaydı qıyalım, aspan meniń mákanım.*
C) *Sharqıpálek óter-keter bir kún sharq urıp.*
D) *Orazgúl, ol da sharıq kómekke kelgen eken.*

**4.** [1,1 ball]

Qaysı gáptegi kelbetlik atlıq penen **omonim** bola aladı?

A) *Sulıw sóz gápke bezek, onı gápten etpe erek.*
B) *Tatıw bolmasa dos, kemesi jarǵa soǵadı.*
C) *Kiyeyin dese, pátińkesiniń bawı úzik.*
D) *Qoblan ullı boldı, atın Alpamıs qoydıq.*

**5.** [1,7 ball]

Qaysı gápte stillik jaqtan **úylesimsiz sóz** qollanılǵan?

A) *Kóp nárseni ishteyi ala bermeytuǵın tamaqsaw, túrtinip jeydi.*
B) *Eshkidey zikeń-zikeń ete bermey bir jerde tınıshıńa otırsań-a!*
C) *Tırnalar da kólin qıymay, xoshalliyar aytar bizge muńayıp.*
D) *Kúle-kúle ishek silemiz qattı, al onıń áńgimesi tawsılar emes.*

**6.** [1,7 ball]

Qaysı gáptegi frazeologiyalıq sóz dizbegi **NADURÍS** qollanılǵan?

A) *Bul saparı da qara tawdı qoparıp taslaytuǵınday qurı tili menen qus usladı.*
B) *Bıyıl suwdıń tamtarıslıǵınan túyeden postın taslaǵanday tarıǵıp, biraz qıynaldı.*
C) *Tekseriwshiler keledi dep, jan iynine ot túsip otırıp taqatı, turıp parasatı bolmadı.*
D) *Balası haqqında muǵallimi aytqan sózlerdi esitip, Biybirabanıń jeti nasırı búgildi.*

**7.** [1,7 ball]




A) *3, 5* B) *2, 4* C) *5, 6* D) *1, 3*

**8.** `[2,5 ball]`

Qaysı gápte atlıq sóz **belgisizlik almasığı** arqalı bildirilgen?

A) *Sálima aldınan juwırıp shığatuğın aqlıqlarına birdeńeler alayın dep, dúkánğa qayrıldı.*

B) *Hárkim hár jerden hár qıylı xabar tawıp keldi, qaysı biri haqıyqat, bunısı namálim.*

C) *Jolawshı balanıń barlıq sózlerin dıqqat penen esitti de, úndemesten álleqayda jol aldı.*

D) *Maman biy eldiń kátqudalarınan heshtemeni jasırğan joq, gápti qopsıtıp ta aytpadı.*

**9.** `[1,1 ball]`

Ataw sepligindegi sóz benen dizbeklesip, zatlıq máni ańlatıp turğan **túpkilikli tirkewish** qaysı gápte ushırasadı?

A) *Saparıma sát tilegendey túni menen jawın jawdı.*

B) *Aydana ákesi haqqında kúnde oylanatuğın edi.*

C) *Azamat penen Salamat eń úlgili oqıwshılardan.*

D) *Tallar tańnıń epkin samalı menen shayqalıp tur.*

**10.** `[1,7 ball]`

Tómende berilgen mısaldağı **astı sızılğan** anıqlawısh gáptiń qaysı ağzasına qatnaslı?

*Gúlistan kóbirek prozalıq shığarmalardı unatadı.*

A) *baslawısh* B) *tolıqlawısh*
C) *bayanlawısh* D) *pısıqlawısh*

**11.** `[1,7 ball]`

Mısaldı oqıń.

*Meniń oyımsha, olar búgin de kelmeydi.*

Astı sızılğan mısaldıń sóz dizbegi **BOLA ALMAWÍNÍŃ** sebebin anıqlań.

A) *frazeologizm* B) *kiris ağza*
C) *gáplik belgige iye* D) *qospa sóz*

**12.** `[2,5 ball]`

Qaysı gáplerdegi útir birdey qağıyda tiykarında qollanılğan?

1. Írısqul biy hám ashıwlı, hám quwanıshlı sóyledi.
2. Quyash jerdi qızdırğan són, kók shópler gúrkirey basladı.
3. Bazarbay, Almasbay, Baxtıyarlar áskerlikke atlandı.
4. Qısqası, shúdigardı bunnan keshiktiriwge bolmaydı.
5. Qulaqqa jağımsız sózdi kóp sóyleme, qulınım!
6. Kim bilsin, bul bala úlken shıpaker bolıp jetiliser?!

A) *1 hám 3* B) *2 hám 6* C) *3 hám 5* D) *2 hám 4*

**13.** `[1,7 ball]`

"Alpamıs" dástanında Qarajan "Taban jol"da Alpamıs penen dáslepki ret ushırasqanda **ne ushın urısıwdıń gúres** jolın tańlaydı?

A) *Mergenlikte sınassa, Alpamıstıń náwbeti birinshi bolıp qalıwınan qáwipsingenlikten.*

B) *Alpamıstı usı jol menen jeńip Barshınǵa maqtanıw niyeti burınnan bolǵanlıqtan.*

C) *Alpamıstıń palwan sıpatındaǵı dańqın esitip, onı jeńip qumartıwdı qálegenlikten.*

D) *Ózi burınnan qolına qural alıp, mergenshilikti kelistire almaytuǵın bolǵanlıqtan.*

**14.** `[1,7 ball]`

"Ayrılsa" qosıǵınan alınǵan úzindini oqıń.

*Bul dúnyanıń kórki — adam balası,*
*Adamnıń da kókke jeter nalası,*
*Kóńildiń kóp bolur qayǵı-japası,*
*Xosh qılıqlı sáwer yardan ayrılsa.*

**Qosıq qanday mazmunda jazılǵan?**

A) *nalısh* B) *táriyip* C) *didaktikalıq* D) *filosofiyalıq*

**15.** `[1,7 ball]`

S.Nurımbetovtıń "Miywe hám japıraq" tımsalınıń mazmunına baylanıslı qaysı **naqıl-maqaldı** qollawǵa boladı?

A) *Jalqawǵa is buyırsań ózińe aqıl úyretedi.*

B) *Úy tıńlaǵan óz ayıbın esiter.*

C) *Menmen bolsań, qazan urar gúlińe.*

D) *Lepsisin tıymaǵan joldan shıǵar.*

**16.** `[1,7 ball]`

**Úzindini oqıń.**

*Taw buzǵanday meytin alıp qolına,*
*Bas iyedi tawdıń biyik shıńı da.*
*Belin buwıp kiriskende isine,*
*Taw da, tas ta shaq kelmeydi kúshine.*

**Aliysher Nawayı tárepinen qaysı qaharmanǵa sıpatlama beriledi?**

A) *Májnún* B) *Qayıs* C) *Shafur* D) *Farhad*

**17.** `[1,7 ball]`

"Túsiniksizler" romanında Qumar analıqtıń bas ármanı ne edi?

A) *Rabiybiniń ornına Gúlziybanı kelin qılıw.*

B) *Xiywa xanınan balasına hámel alıw.*

C) *Maman biyden qalǵan tuwdı tiklew.*

D) *Ulın elge birden-bir húkimdar etiw.*

Siz benen biz birneshe júz kilometr tereńliktegi okean túbinde jasaymız. Tań qalarlıǵı joq. Bul okeannıń jaǵaları joq, ol pútkil Jer sharın orap turadı. Onıń túbi – jerdiń pútkil sırtı: oypatlıqları, tawları, shólleri, teńizleri.

***[1] Bul kók okean, yaǵnıy jerdiń hawa qabıǵın alımlar atmosfera dep ataydı.*** Ol heshqashan tınısh turmaydı. Quyash nurınan qızıǵan hawa jeńillesedi hám Jerdiń sırtınan joqarıǵa kóteriledi, onıń ornın bolsa suwıq hawa iyeleydi. Hawanıń Jer sırtı ústindegi háreketi samal dep ataladı. Atmosferada turaqlı hawa aǵısları da bar. Máselen, passat samalları barqulla bir baǵdarda – ekvator boylap esedi.

***[2] Insaniyat ushın áhmiyetli bolǵan atmosferanıń tómengi qatlamı – troposfera.*** Ol Jer sırtınan baslanıp, 8 – 17 kilometr biyiklikke shekem dawam etedi. Hawadaǵı barlıq suw puwları usı qatlamda. Bunda bultlar payda boladı, jawınlar jawadı, hawa rayı ózgerip turadı. Bunnan tısqarı, gúldirmama, qar usı jerde payda boladı.

Hawa rayın baqlap turatuǵın alımlar – meteorologlar sutkasına birneshe mártebe hawanıń ıǵallıǵın, temperaturasın, samaldıń kúshi hám baǵdarın ólshep turadı.

***[3] Hawa okeanınıń keyingi qatlamı – stratosfera 50-55 kilometr biyiklikke shekem jayılǵan.*** Ol jerdegi hawa birqansha siyrek, aspan bolsa toyǵın fiolet reńde, derlik qap-qara. Stratosferada dawıstan tez ushatuǵın samolyotlar ushadı. Stratosfera qatlamınıń ústinde mezosfera jaylasqan. Ol 80 kilometr biyiklikke shekem jetedi. ***[4] Atmosferanıń bul qatlamında bazda jıltıraq siyrek bultlar payda boladı.*** Alımlar olardı gúmis tárizli bultlar dep ataydı hám olar shań molekulalarınan ibarat, dep esaplaydı.

Bunnan da joqarıda, shama menen 1000 kilometr biyiklikte termosfera yamasa ionosfera qatlamı jaylasqan. Ondaǵı hawa júdá siyrek. Ol jerde elektr menen zaryadlanǵan ayırıqsha gaz molekulaları – ionlar oǵada kóp. Bul biyiklikte Polyus shuǵlaları payda boladı.

Atmosferanıń eń joqarı qatlamı – ekzosfera. Ol jerde hawa derlik joq. Temperatura shama menen 2000 dáreje ıssı, dep esaplanadı.

Atmosfera bolmaǵanda Jerde de tirishilik bolmas edi. Sonlıqtan atmosferanı pataslamaw oǵada áhmiyetli, biraq pútkil jer júzinde atmosferaǵa kóplegen sanaat shıǵındıları: zavod hám ıssılıq elektr stanciyaları morılarınan shıǵatuǵın tútinler, avtomobillerdiń zıyanlı gazları shıǵarıladı. Mámleketimizde hawanı pataslamaw ushın kárxanalarda tazalaw úskeneleri qurılǵan, atmosferanı qorǵawǵa úlken áhmiyet beriledi.

**18.** `[1,1 ball]`

Teksttiń mazmunına sáykes **durıs berilgen** gápti anıqlań.

A) *Troposfera stratosferadan joqarıda jaylasqan.*

B) *Meteorolglar stratosfera qatlamın baqlaydı.*

C) *Jerdiń pútkil sırtı okeannıń túbinde jaylasqan.*

D) *Temperaturanıń eń joqarı dárejesi termosferada.*

**19.** `[1,7 ball]`

Tekst mazmunına sáykes **durıs qáliplestirilgen** gápti anıqlań.

A) *Shuǵlalar tek ionosferadan tómengi qatlamda payda boladı.*

B) *Tez ushar samolyotlar bultlardıń ústinde ushadı.*

C) *Jerdegi tirishilik atmosferaǵa tikkeley baylanıslı emes.*

D) *Taw, shól hám oypatlıqlar okean jaǵalarında jaylasqan.*

**20.** `[1,7 ball]`

Sanlar menen kórsetilgen mısallardan keyin qatar kelgen qaysı gáptegi almasıq **ózinen aldıńǵı gáptegi atlıqtı ańlatıp turǵan joq**?

A) *4* B) *1* C) *3* D) *2*

**21.** `[1,1 ball]`

Tekst mazmunında sáwlelendirilgen **maǵlıwmattı anıqlań**.

A) *Jamǵır, qar payda bolǵan soń stratosfera arqalı Jerge túsedi.*

B) *Shań molekulaları juldızlardıń payda bolıwın támiyinleydi.*

C) *Gúmis tárizli bultlar joqarı qatlamlarǵa qaray kóteriledi.*

D) *Atmosferanıń eń joqarı qatlamlarına qaray hawa siyreksiydi.*

**22.** `[2,5 ball]`

Tekst mazmunına sáykes durıs berilgen **maǵlıwmattı anıqlań.**

A) *Atmosferanıń pataslanıwında insannıń qatnası joq.*

B) *Gaz molekulaları Polyus shuǵlaların payda etedi.*

C) *Atmosferanıń eń joqarǵı qatlamında bultlar boladı.*

D) *Ionlardıń qay jerde bar bolıwı shamalap aytıladı.*

Bas wázir ushın pútkil xan sarayında ushırma gáplerdi túsinetuǵın bas áskerbasıdan basqa kisi joqtay. Bas áskerbası búgin de kelip, onıń kútá qızıq bir látipasına kúlip, kóz jasların sıpıra bergeni, qapı sál ashılǵanday boldı. Máwlen sarınıń dúńkilew mańlayı kórindi. Onıń bas wázir menen burıngı kelisimi boyınsha, aytajaǵı júdá áhmiyetli bolsa, ol kim menen otırǵanına qaramay ruqsatsız, ıń-jıńsız tup-tuwrı kiriwi zárúr. Máwlen sarınıń esikten kirisi, alǵa júre almay qapıǵa arqasın berip turısı óz aldına qızıq: qapını urı pıshıq kibi ashadı da, tórde otırǵanǵa ırjıyıp bir kúledi. Onıń unatqan tábiyatın ańlasa, artı menen qapını qattıraq bir iyterip, alǵa ilgeriley beredi. Usı saparı da tap sol ádetin qıldı. Bas wázir onıń bul kórinisine kútá ıshqı etip, kózleri kúldi. Bas áskerbası áwelinde biytártiplikke tańlansa da, onıń háreketlerinen sorlı tınıshı ekenin uqtı.

Bas wázir Máwlenge iyegi menen orın nusqadı da, jańa áńgime basladı:

– Burınǵı xannıń tusında bala wázir edim, datxanaǵa bir kisi keldi. Júris-turısınan, kiyiminen onı esawas deyseń. Xanǵa jibermeyjaq edim, xan onıń shataqlasqan dawısın esitip, ishten shıqtı. – Bas wázir óz-ózinen basın shayqap-shayqap bir tıma kúlip aldı. Kózleriniń suwın sıpırdı. – Sonnan soń sol esawas ne qıldı deńizshi? Oy, qızıq, Xanǵa tuppadan tuwrı qarap: “Maǵan kún kórgish hamal ber”, – dedi. Sadaǵań keteyin xan júdá zor edi-dá! Oǵan: “bar, saǵan attıń quyrıǵı” dedi de, kúliwi menen esikti japtı. Sonnan hápte ótpey-aq arzagóy biyler menen baylar tolıp ketti deyseń, qoya ber. Bul ne desem, bári jabırlasıp, “bir esawasqa attıń quyrıǵı degen hamal jetisken eken, mazamız ketti. Izine tórt-bes jigitti ertip, eń júyrik, eń jorǵa, eń kórikli at kórse quyrıǵın kesip ala beredi” desedi. Sonnan Xan sol esawastı sarayǵa shaqırtıwǵa májbúr boldı. Oy, naysap-áy! Kóp dúnyalı bolıptı, ǵáziynexanaǵa kóp pul ákelip-ám berdi. Sóytip, xanǵa tájim etip, bul hamalıńızdı qaytıp alǵıńız kelse, ilajım joq, basqa kún kórgish berińiz dedi. Sadaǵań keteyin, topıraǵı torqa bolǵır Xan taǵı kúlip, “bar, saǵan samaldı berdim”, dedi. Tap gúz kiriwden izine bir top jigitti ertip, “ullı Xan maǵan samaldı berdi, mensiz qırman atalmaysız”, dep qırman kórse, órine shıptadan qorı tuttırıp kete beripti. Aqırı, onı jáne sarayǵa shaqırttıq. Ol bos kelmey, ǵáziynexanaǵa jáne kóp pul inam etti. Oǵan ullı Xanımız jáne ne qıldı deńiz?! “Oo, sen naǵız azamatsań, maǵan sendey bolıp, bergen hamalımdı qádirleytuǵın, júrgizetuǵın adamlar kerek” dep oǵan mıń tanap waqım jer ajıratıp, óz awılına biylik hamal-ám qosıp berip qaytardı. ***[1]–Pah, pah! – dep tańlandı bas áskerbası. – Xan, Siz, sol Esawas – úshewińiz de teń aqıllı ekensiz. Hamaldı tek sonday adamlarǵa beriw kerek.***

– Álbette! Hamaldar bolsa, Xan birewdiń bas kiyimin ákel dese, basın qosıp ákeletuǵın bolsın-dá!

Umtılıp otırǵan Máwlen sarı dawısı qarlıqqan kúshiktey shińk-shińk kúldi.

– Mınaw sarınıń ne hamalı bar? – dedi bas áskerbası.

– Meni heshkim túsinbeydi, – dedi Máwlen sarı gáptiń qayımın paydalanıp, – bolmasa, mennen hamal júrgizgish bende joq. ***[2] Zárre hamalım bolsa, sol esawastan ótkerip, keregine Araldıń suwın Ámiwdáryaǵa teris quyǵızıw qolımnan keledi.*** Qaysı hamaldı-ám tap-tuynaqtay qılaman. Ullı Xanımızdıń, mine, sizlerdiń ne jep, ne ishetuǵınıńızdı bilemen. Geshirdiń suwın ishesiz. Al, hamal júrgiziwge kóp aqıl emes, az ǵana hújjet, oǵan qosımsha sumlıq kerek. Mende sumlıq barın eki ayaqlı bende sezbeydi. Aq kókirek bolıp júrip-ám qatıraman. Biziń elde Ernazar alakóz birewdi ruwı menen ataǵandı unatpaydı. Men oǵan ruwdı jek kóretuǵınımdı uqtırıp, aq kókirek atanıp, Máwlen qándekli bolıp-aq júrippen. – Ol bas wázirdiń júzi shamalı quwarǵanın abaylap, birden ózgerdi. – Jo-joq, ullı áskerbası, jo-joq, dana bas wázir, meni hamal sorap keldi demeńiz. Hamal men ushın emes, tanıslarım, aǵayinlerim ushın kerek, yaǵnıy olardıń aldında pıshaq arqası abıraýım bolıwı ushın kerek, xannıń tapsırmasın buljıtpay bárjay qılıwım ushın kerek. Ótinemen, meni hamalparaz demeńler! Maǵan kerek emes, onı Ernazar alakóz usaǵanlarǵa, Sayıpnazar sıyaqlılarǵa bere berińler…

– Senińshe, hamal degen ne? – dedi bas áskerbası biypárwalıq penen onı kek ete kúlimlep.

Máwlen sarı iyinlerin qısıp, awzın qayta-qayta sıpırıp alıp, ernin-ernine shala-pula tiygizip, quwanısh penen túsindirdi:

– Hamal – adamnıń abırayı, dańqı, hamal – xannıń qılıshı. Hamal – xannıń atı. – Ol qızıp ornınan túrgeldi de, úyrengen peshesine salıp qapını jáne qattıraq bekitip, ornına otırdı. – Hamal – xan qolıńa uslatqan kók tuw. “Hamal – jaqsı tamaq, hamal – pul”…

– Pay digirlediń-aw! – dedi bas wázir jaqtırmay.

Máwlenniń quwanıshqa tolı shiykil sarı júzi quwarıp, ján-jaǵına qaradı, alaqanına alaqanın basıp shirendi, bunday jaǵdayda shıǵıp ketetuǵın ádeti bar edi. Bas wázirge ilaj ete almasın túsinip, qılt etpedi.

– Sóyle!

Bas wázir ırastan talap etip otır ma degen oy menen birden bas kóterdi hám kózi menen “mınanıń kózinshe sóyley beriw múmkin be?” degen isharat bildirip, birese bası tómen iyilgen bas áskerbasıǵa, birese bas wázirge jaltaqladı.

*(T. Qayıpbergenov “Túsiniksizler” romanı)*

**23.** `[2,5 ball]`

Bas wázir tárepinen datxanaǵa kelgen adam haqqındaǵı áńgimeni ayttırıwdan **avtordıń maqseti ne**?

A) *Xanlıqtaǵı tártipsizliklerdi áshkaralaw.*

B) *Jaǵımpazlıq, ádalatsızlıq sıyaqlı illetlerdi áshkaralaw.*

C) *Saraydaǵı ádalatlı tártip-intizamdı sáwlelendiriw.*

D) *Wázirlerdiń xanlıqta, sarayda tutqan ornın kórsetiw.*

**24.** `[1,7 ball]`

Máwlen sarınıń Bas wázirdiń aldına keliwden **tiykarǵı maqseti ne**?

A) *Látipa esitiw*

B) *Hámel alıw*

C) *Áskerbası menen tanısıw*

D) *Adam jamanlaw*

**25.** `[1,1 ball]`

Berilgen úzindide qaysı obrazdıń **eki júzliligi, satqınlıǵı sáwlelendirilgen**?

A) *Sayıpnazar* B) *Bas wázir*
C) *Máwlen sarı* D) *Bas áskerbası*

**26.** `[2,5 ball]`

Tekstte [1] sanı menen belgilengen gápte obrazdıń **qaysı qásiyeti ashıp beriledi**?

A) *tuwrı sózliligi*

B) *jaǵımpazlıǵı*

C) *hiylekerligi*

D) *sadalıǵı*

**27.** `[1,1 ball]`

Tekstte [2] sanı menen belgilengen leksikalıq birlik **qanday kórkemlew quralı sıpatında qollanılǵan**?

A) *metonimiya* B) *litota* C) *giperbola*
D) *janlandırıw*

*1. Júz eliwge shıqqan bir ǵarrı kórdim,*
*"Qanday baxıtlı" dep paraz ettim men.*
*Izlep barıp taptım hám sálem berdim,*
*Állenege qapa bolıp kettim men:*

*2. Beste eken Berdaq tuwılǵan jılı,*
*Ózi úsh kempirdiń basına jetken,*
*Taras Aral jaqqa quwılǵan jılı,*
*Úsh ul kórip, kólde ol talap etken.*

*3. Úshewi de qartayıp óldi biraq ta,*
*Zamanlas, dos-yaran ketti jıraqqa,*
*Ózgerdi áwladlar, ózgerdi zaman.*

*4. Ol túnerip qarar ǵarrı daraqqa,*
*Ǵarrı shınar turar qurt jep quwraǵan,*
*"Gúwlep turdım-aw dep bayaǵı waqta".*

*(I. Yusupov)*

**28.** `[1,1 ball]`

**Qosıq qaysı janrda jazılǵan?**

A) *sonet* B) *muxammes* C) *ballada*
D) *másnawiy*

**29.** `[2,5 ball]`

Qosıqtıń ulıwma mazmunına **sáykes durıs juwaptı anıqlań**.

A) *Kóp jasaǵan adam menen ushırasıwdıń ózi bir baxıt ekenligi sáwlelendiriledi.*

B) *Baxıt insannıń ómir jasınıń kópligi menen ólshenetuǵını sóz etiledi.*

C) *Insan hám tábiyat arasındaǵı baylanıslılıq haqqında sóz etiledi.*

D) *Hámme nárseniń óz waqtı-sátinde bolǵanı jaqsı ekenligi uqtırıladı.*

**30.** `[2,5 ball]`

Lirikalıq qaharman **ne ushın qapa boldı**?

A) *Baxıt kóp ómir súwriwde emes ekenligin túsingenlikten.*

B) *Kóp jasaǵan ǵarrıǵa janı ashıǵanlıqtan.*

C) *Shınar tereginiń qartayıp, qurtlaǵanlıǵınan.*

D) *Ǵarrınıń úsh ulı da álemnen ótkenliginen.*

**31.** `[1,7 ball]`

Shayır tárepinen ne ushın **shınar obrazı kirgizilgen**?

A) *Kóp jasaytuǵın terek bolǵanlıqtan.*

B) *Basqa tereklerden sulıw bolǵanlıqtan.*

C) *Shıdamlı, tózimli terek bolǵanlıqtan.*

D) *Qartayıp, shirip ketkenlikten.*

**32.** `[1,7 ball]`

Tórtinshi shuwmaqtıń **astı sızlǵan** qatarında qanday kórkem súwretlew quralı qollanılǵan?

A) *metonimiya* B) *giperbola*
C) *janlandırıw* D) *sinekdoxa*

**Tekstte ajıratıp kórsetilgen gápler (33, 34, 35) hám sintaksislik tallawlardı (A–F) óz ara durıs sáykeslendiriń.**

| | |
|---|---|
| **33.** [1,7 ball]<br>**Balam! Biz oysızlıq etip jaslıqta oqıwǵa dıqqat bólmegenbiz. Óziń bileseń, házir zaman ilimli, ónerli jaslardıń qolında.**<br>**34.** [1,7 ball]<br>**Waqıttı biykar ótkeriwge bolmaydı. Onnan únemli hám ónimli paydalanıw kerek.**<br>**35.** [1,7 ball]<br>**Ne ekseń, sonı orasań. Er jigit keleshegi haqqında erterek oylanǵanı maqul.** | A) *ataw gáp*<br>B) *iyesiz gáp*<br>C) *eki bas aǵzalı gáp*<br>D) *tolıq gáp*<br>E) *iyesi ulıwmalasqan gáp*<br>F) *sóz gáp* |

**36.** Berilgen frazeologizmlerdiń **úshewine tán bolǵan mánini bir sóz benen jazıń**.

Barmaǵıń birikpese, iyne de ilinbes.

Tórtew túwel bolsa, tóbedegini túsirer,
Altaw ala bolsa, awızdaǵını aldırar.

Birdiń abırayı – mıńnıń abırayı.

?

[1,7 ball]

*Juwap*: ______________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**37.** Tómende berilgen gáp tuwra gápke aylandırılǵanda, gáp ishinde qoyılatuǵın **irkilis belgilerin izbe-iz jazıń**.

*Topar aǵzaları isenimli túrde biyik shıńlarǵa bálentliklerge shıǵatuǵınlıǵın ayttı.*

[2,5 ball]

*Juwap*: ______________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**38.** Tómende berilgen mısalda qanday qosımtanıń qollanılıwı menen baylanıslı **stillik qátelik ushırasadı**?

*Miynet adamdı fizikalıq jaqtan shınıqtırıw menen birge onıń ruwxıy dúnyasın da bayıtadı. Insan hárqanday miynetti shın ıqlası menen islese, keypiyatı kóteriledi, qorshaǵan ortalıqqa bolǵan kózqarası unamlı tárepke ózgeredi. Budan kórinip turǵanınday, adamnıń shınıǵıwı, zawıqlanıwı onıń ózinen ǵana ǵárezli.*

[1,7 ball]

*Juwap*: ______________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**39.** Gápti sintaksislik jaqtan tallań hám birgelkili aǵza **gáptiń qaysı aǵzası ekenin jazıń**.

*Sánem anasın kórmegeli qansha boldı. Qaladaǵı toqıw fabrikasına jumısqa ornalasqalı awılǵa kelip-ketiwi siyreksidi. Búgin keshletip bolsa da tuwılǵan úyine jol aldı. Saǵınısqan kewiller egil-tegil jılastı. Quwanıshqa toldı. Shay ishildi, awqat jelindi. Túni menen áńgime dúkánı qızıdı. Tek tań saz berip, átirap aq tańlaqqa aylanǵan waqıtta ǵana Sánemniń qulaǵına anasınıń sózleri birde esitildi, birde esitilmeydi.*

[1,7 ball]

*Juwap*: ______________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**40.** Gáptegi sózlerdiń mazmunlıq hám grammatikalıq jaqtan **baylanısıwın talqılań**.

*Qádirli oqıwshılar, sizlerge quwanıshlı xabarım bar,* ***kóp kitap oqıǵan****, óz ústinde tınımsız izlengen Sabırova Miyasar olimpiada jeńimpazı boldı.*

[1,2 ball]

**a) gápte ajıratıp kórsetilgen sózdi baǵındırıp baylanıstırıwshı bas sózdi jazıń.**

*Juwap*: a) ________________________

[1,3 ball]

**b) gapte ajıratıp kórsetilgen sóz benen teń qatnasta baylanısqan sózdi anıqlap jazıń.**

*Juwap*: b) ________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**41.** Tómende berilgen gáplerdi **grammatikalıq jaqtan durıs baylanıstırıń**.

1. *Tırnaqtı etinen ajıratıp bolmaydı.*
2. *Insan óz elinde, kindik qanı tamǵan jerinde baxıtlı.*

[0,8 ball]

**a) birinshi hám ekinshi gápti qanday grammatikalıq qural járdeminde durıs baylanıstırıw múmkin?**

*Juwap*: a) ________________________

[0,9 ball]

**b) nátiyjede qospa gáptiń qaysı túri payda boladı?**

*Juwap*: b) ________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**42.** Tekstti kórkemlik jaqtan **analizleń**.

*Izmir shóllerinde esken samallar,*
*<u>Túrki tilde jollap qayǵılı xabar</u>,*
*Iyesin joǵaltqan bir at janıwar,*
*Tınbay segbir tartar yadımda meniń. . .*
*(I. Yusupov)*

[0,8 ball]

**a) astı sızılǵan qatar qaysı kórkemlew quralı arqalı súwretlengenin jazıń.**

*Juwap*: a) ________________________

[0,9 ball]

**b) usı kórkemlew quralı qaysı sózge qatnaslı ekenligin jazıń.**

*Juwap*: b) ________________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**43.** Tekstti qosıq **qurılısı boyınsha analizleń**.

*Sayra álhawada, poshsha torǵayım,*
*Saz benen sáwbetsiz dáwran bolar ma.*
*Shalqortama jatıp men bir tıńlayın,*
*Sóytsem qulaǵımnıń qurshı qanar ma.*
*(I. Yusupov)*

[0,8 ball]

**a) shuwmaqtıń qosıq qurılısı boyınsha ólshemin anıqlap jazıń.**

*Juwap*: a) ________________

[0,9 ball]

**b) shuwmaqtıń uyqas túrin anıqlap jazıń.**

*Juwap*: b) ________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**44.** Tómendegi tórtlikti mazmunlıq jaqtan **talqılań** hám sorawlarǵa juwap jazıń.

*Bolsań eger aqıllı hám bilimli,*
*Úzip qoyma abıroy degen gúlińdi.*
*Kópshilikte pátiwasız kópirip,*
*Buzıp alma, begligińdi, sınıńdı.*
*(T. Jumamuratov)*

[0,8 ball]

**a) tórtlikte ne arqalı adamnıń abıroyı hám begligine zıyan keliwi súwretlengenin jazıń.**

*Juwap*: a) ________________

[0,9 ball]

**b) tórtlikte adamdaǵı qanday qásiyet sınǵa alınǵan?**

*Juwap*: b) ________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**45.** **Esse.**

**Tómendegi jaǵday boyınsha óz múnásibetińizdi bayan etiń:**

***Kópshilik sociallıq tarmaqlar (qálegen) kúndelikli turmısta áhmiyetli hám paydalı dep esaplasa, al ayırımlar paydasına qaraǵanda unamsız tárepi kóbirek ekenligin aytısadı.***

1. Oy-pikirlerińizdi publicistikalıq stilde bayanlań.
2. Pikirlerińizdi logikalıq izbe-izlikte, ádebiy til normalarına ámel etken halda ańlatıń.

**Esseniń quramı úsh bólimnen ibarat bolıwı kerek:**

**I. Kirisiw.** Esseniń kirisiw bólimin jazıwda tómendegilerge ámel etiń:
1) kirisiw bólim eki-úsh gápten ibarat bolıwı kerek;
2) berilgen jaǵday tekstin dál solay kóshirmeń.

**II. Tiykarǵı bólim.** Esseniń tiykarǵı bólimin jazıwda tómendegilerge ámel etiń:
1) bólim keminde úsh abzactan ibarat bolıwı kerek, hárbir abzacta táreplerdiń kózqarasları hám jeke kózqaraslarıńızdı tolıq jarıtıń;
2) berilgen jaǵday boyınsha túrli kózqaraslardı turmıslıq mısallar menen dálilleń;
3) jeke oy-pikirlerińizdi tolıq hám dáliller tiykarında jarıtıń.
4) bayan etilip atırǵan barlıq pikir hám oylar tek tema sheńberinde bolıwı kerek.

**III. Juwmaqlaw.** Esseniń juwmaqlaw bólimin jazıwda tómendegilerge ámel etiń:
1) tiykarǵı bólimde ańlatılǵan pikir hám oylarıńızdı ulıwmalastırıń;
2) juwmaq eki-úsh gápten ibarat bolıwı kerek.

**DÍQQAT!** Esse ushın joba dúzilmeydi, epigraf qoyılmaydı.

**QORALAMA**